



Pou Piblikasyon Imedya: 17/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE CRUISE AUTOMATION APLIKE POU KÒMANSE PREMYE TÈS MACHIN KI TOTALMAN OTONÒM NAN ETA NEW YORK

Tès Kontini nan Manhattan nan Kòmansman 2018 Posib Gras ak Lwa Ane Fiskal 2018 Ki Otorize Teste Machin ki Otonòm

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a ke General Motors ak Cruise Automation ap aplike pou yo kòmanse premye tès kontini pou veyikil nan mòd ki totalman otonòm nan Eta New York nan kòmansman 2018. Atravè [lejislasyon](#) resan Gouvènè Cuomo a ki pèmèt yo teste teknoloji otonòm, GM ak Cruise ap aplike pou yo kòmanse teste nan Manhattan, kote katografi a te kòmanse nan yon zòn ki geyografikman defini (gras ak sistèm GPS oubyen teknoloji RFID). Tout tès yo ap enkli yon enjenyè ki chita nan plas chofè a pou siveye ak evalye pèfòmans, epi yon dezyèm moun nan plas pasaje a. Pou sipòte travay sa a, Cruise ap ogmante prezans li nan New York epi l'ap kòmanse konstwi yon ekip anplwaye nan Vil New York.

“Veyikil otonòm gen potansyèl pou yo ekonomize tan epi sove lavi, epi nou fyè dèske n’ap travay ak GM epi Cruise sou fiti nouvo teknoloji sa a ki eksitan”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Espri inovasyon se sa ki defini New York, epi nou pozisyone nan tèt endistri k’ap devlope sa a ki gen potansyèl pou li vini pwochen gwo pwogrè teknolojik ki fè ekonomi nou an e nou menm avanse pi plis”.

Lejislasyon, ki enkli nan bidjè Ane Fiskal 2018 lan, pèmèt teste teknoloji otonòm nan New York atravè yon pwojè pilot. Tès planifye Cruise yo ap reprezante premye fwa veyikil otonòm nan Nivo 4 ap teste nan Eta New York, sa ki prezante opòtinite pou devlopman fiti veyikil otonòm nan eta a epi simante wòl New York kòm yon sant nan inovasyon veyikil otonòm nan tout nasyon an.

Direktè Egzekitif Jeneral Cruise Automation, Kyle Vogt, te deklare, “Tès nan New York yo pral akselere peryòd tan pou deplwaye machin ki kondwi tèt yo pou kont yo a echèl. Vil New York se youn nan zòn ki gen pi gwo konsantrasyon popilasyon nan monn lan epi li ofri nouvo opòtinite pou ekspozè lojisye nou an a sitiyasyon inabityèl, sa ki vle di nou ka amelyore lojisye nou a yon to ki pi rapid. Nou pa ka tann pou nou travay ak Gouvènè Cuomo pandan n’ap travay pou nou pote solisyon transpò pwochen jenerasyon bay New York.”

Depatman Veyikil Motorize (Department of Motor Vehicles) ak Polis Eta a ap pral travay ak Cruise ak GM pou asire tout tès yo obeyi kondisyon sekirite, veyikil ak asirans ki apwopriye.

An Jen, Audi of America Inc. te pèfòme premye veyikil otonòm nan Eta New York. Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te fè yon esè woutye nan veyikil lan. An Jen tou, Gouvènè Adjwen Hochul te patisipe nan tès woutye pou yon Cadillac SUV otonòm ke University of Buffalo te òganize sou wout kanpis yo. Demonstrasyon an te fè pati rankont anyèl an ete pou Konsèy Sant Inivèsite pou Transpò (Council of the University Transportation Centers), yon òganizasyon ki baze nan Washington, D.C ki reprezante plis pase 90 inivèsite ak fakilte nan tout peyi a, sa enkli University of Buffalo. An Septanm, Cadillac te anbake nan premye aktivite kondwi ak men lib (san manyen volan an) sòt nan zòn kotyè wès ale nan lòt zòn kotyè lès sou otowout yo, nan Vil New York. Machin yo te itilize se te yon Cadillac CT6 ki ekipe ak Super Cruise- premye sistèm pou asiste chofè sou otowout, ki kondwi san ou pa manyen volan. Se te tou pou premye fwa machin ki kondwi pou kont yo te ofisyèlman woule sou wout Vil New York.

Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, te deklare, “Moman pou nou anbrase revolisyon sa a nan teknoloji transpò a se kounye a, se pou rezon sa a ki fè Gouvènè Cuomo ap pozisyone Eta New York lan nan premye plan nan domèn tès ak rechèch pou veyikil otonòm. Mwen te patisipe nan twa demonstrasyon AV (veyikil otonòm) an 2017, e m pa gen pyès kesyon ke nou toupren yon gwo pwogrè pou endistri otomobil lan e pou ekonomi eta nou an. Patenarya ak General Motors epi Cruise Automation se yon etap eksitan nan direksyon fiti sa a”.

Prezidan Minisipalite Manhattan, Gale A. Brewer, te deklare, “New York se yon espas siprèm pou pwouve teknoloji veyikil otonòm. Nou gen yon ajansman lari ki san rival nan echèl li epi nan kompleksite li, donk li fè sans pou General Motors ak Cruise Automation ap finalman pote teknoloji sa a isit la pou tès ak devlopman. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li pouse lejislasyon sa a ki jete baz pou gwo etap sa a. Mwen fyè e mwen eksite paske deplizanpli, fiti a li menm se nan New York y’ap kreye li.”

Matt Mincieli, ki se direktè ekzekitif pou Rejyon Nòdès pou TechNet, yon asosyasyon komèsyal ki gen plis pase 70 konpayi teknoloji ki pi avanse nan peyi a, te di, “Deklarasyon Gouvènè Cuomo a sou patenarya ak Cruise Automation pwouve ke Eta New York serye pou li pote teknoloji AV bay Empire State la epi l’ap pran yon wòl lidè a ansekirite, men agresivman, lè li ap teste teknoloji sa a k’ap evolye vit. Patenarya prive/piblik sa a ki gen Administrasyon Cuomo nan tèt li se yon tip apwòch inovan pou adopte yon teknoloji an devlopman ki pral asire Eta New York la kontinye atire yon mendèv ki konpetan epi dola kapital ris ki nesèsè pou li rete yon sant teknoloji a wo nivo.”

Direktris Egzekitif Tech:NYC, Julie Samuels, te deklare, “Tès veyikil otonòm GM ak Cruise lan nan Vil New York demontre yon pa vèlavan ki enpòtan epi li asire New York ap kontinye rete nan tèt endistri teknoloji a. Soti nan investisman istorik nan domèn gwo vitès ak politik pou sipòte teknoloji k’ap devlope tankou veyikil ak dwon otonòm, New York ap ede invosasyon avanse nan Etazini. N’ap aplodi efò Gouvènè Cuomo yo pou li investi nan endistri teknoloji nan New York e nou swete labyenvni a GM epi Cruise nan Vil New York.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418